Allaahumma Antas Salaamu, wa Minkas Salaamu, Tabaarakta Sal Jalaali wal ikraami

Jële nañu ci Sawbaan -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan wëlbatiku ci julli gi day jéggalu ñatti yoon, daal di wax: "Allaahumma Antas Salaamu, wa Minkas Salaamu, Tabaarakta Sal Jalaali wal ikraami" waliid wax ne: ma wax Al-Awsaahii ne ko: naka lay jéggaloo? Mu ne: day wax naan: Astaxfirul Laaha, Astaxfirul Laaha.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan noppi ci julli gi da daan wax: Astaxfirul Laaha, Astaxfirul Laaha, Astaxfirul Laaha. Mu màggal Boroomam nag ci wax: «Allaahumma Antas Salaamu wa Minkas Salaamu Tabaarakta Sal Jalaali wal ikraami» Yàlla mooy Aji-Mucc ji di Aji-Mat ci ay meloom, di Aji-Set ci bépp ayib ak mànkite, nga sàkku ci moom Aji-Sell ji mucc ci ayi àdduna ak allaaxira doo ko sàkku ci keneen, ndax moom Aji-Sell ji ci moom la yiwi ñaari kër yépp nekk, mooy Boroom màgg gi di Boroom rafetal gi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/10947